| Time | Narration |
| --- | --- |
| 0:01 | लिबर ऑफिस राइटरक स्पोकन ट्यूटोरियलमे अपने लोकनिक स्वागत अछि – अइ ट्यूटोरियलमे हमरा लोकनि राइटरक परिचय जानब। |
| 0:10 | राइटरक विभिन्न टूल बार। |
| 0:13 | नव डॉक्युमेंट अथवा वर्तमान डॉक्युमेंट कोना खोली? |
| 0:17 | डॉक्युमेंट कोना सेव करी? आ... |
| 0:20 | राइटरमे डॉक्युमेंट कोना बंद करी ? |
| 0:22 | लिबर ऑफिस राइटर लिबर ऑफिस सूटक एकटा वर्ड प्रोसेसर घटक थिक। |
| 0:27 | माइक्रोसॉफ़्ट ऑफिस सूटमे ई माइक्रोसॉफ़्ट वर्ड जकां होइत अछि। |
| 0:27 | ई निःशुल्क आ 'ओपन सोर्स सॉफ्टवेयर' थिक, तें बिना कोनो प्रतिबंधक एकर आदान-प्रदान, संशोधन आ वितरण कएल जा सकैत अछि। |
| 0:41 | चूँकि एकर आदान-प्रदान निःशुल्क अछि, तें एकर आदान-प्रदान बिना कोनो लाइसेंस शुल्कक संभव अछि। |
| 0:47 | लिबर ऑफिस सूटमे काज करबा लेल अहां माइक्रोसॉफ़्ट विंडोज़ 2000 आ एकर उच्च वर्ज़न MS Windows XP वा MS Windows 7 क उपयोग क' सकै छी, अथवा GNU/Linux ऑपरेटिंग सिस्टमक उपयोग क' सकै छी। |
| 1:04 | एतए हमरा लोकनि उबंटू लिनक्स 10.04 ऑपरेटिंग सिस्टम आ लिबर ऑफिस सूट 3.3.4 वर्ज़नक उपयोग क' रहल छी। |
| 1:16 | जौं लिबर ऑफिस सूट 'इनस्टॉल' नंइ केने छी त' 'सिनाप्टिक पैकेज मैनेजर'क उपयोग करैत राइटर इनस्टॉल क' सकै छी। |
| 1:24 | सिनाप्टिक पैकेज मैनेजर पर अधिक जानकारी लेल, कृपया उबंटू लिनक्स ट्यूटोरियल देखी आ अइ वेबसाइट पर देल निर्देश, क पालन करैत लिबर ऑफिस सूट डाउनलोड करी। |
| 1:37 | विस्तृत निर्देश लिबर ऑफिस सूटक पहिल ट्यूटोरियलमे उपलब्ध अछि। |
| 1:43 | ध्यान रहए, राइटर इनस्टॉल करबा काल 'Complete' विकल्पक उपयोग करी। |
| 1:50 | जौं अपने लिबर ऑफिस सूट पहिनहि इनस्टॉल क' नेने छी... |
| 1:54 | त' स्क्रीनक ऊपरि भागमे बामा कात "Applications" विकल्प क्लिक केला पर अपनेकें लिबर ऑफिस राइटर भेटत। |
| 2:02 | तत्पश्चात "Office" आ फेर "LibreOffice" विकल्प पर क्लिक करी। |
| 2:08 | विभिन्न लिबर ऑफिस घटकक संग एक टा न'व डाइलॉग बॉक्स खुजत। |
| 2:13 | लिबर ऑफिसक उपयोग करबा लेल "Text Document" विकल्प पर क्लिक करी जे कि सूटक एक टा वर्ड प्रोसेसर घटक थिक। |
| 2:23 | मुख्य राइटर विंडोमे ई एकटा खाली डॉक्युमेंट खोलत। |
| 2:28 | राइटर विंडोमे विभिन्न टूल बार होइत अछि--टाइटल बार, |

| | |
|---|---|
| 2:33 | मेन्यू बार, स्टैंडर्ड टूल बार, |
| 2:36 | फॉर्मैटिंग बार आ स्टेटस बारमे अधिक उपयोग अबै वला विकल्प अछि; तकरा मादे हमरा लोकनि अगिला ट्यूटोरियल्समे सीखब। |
| 2:47 | आब हमरा लोकनि राइटरमे ई सीखैत ट्यूटोरियल आरंभ करी जे एकटा नव डॉक्युमेंट कोना खोलल जाए। |
| 2:53 | स्टैंडर्ड टूल बारमे "New" आइकन पर क्लिक करैत अहां एकटा नव डॉक्युमेंट खोलि सकै छी। |
| 3:00 | अथवा मेन्यू बारमे "File" विकल्प पर क्लिक करी। |
| 3:05 | आ फेर "New" विकल्प क्लिक करी, फेर अंतमे "Text document" विकल्प पर क्लिक करी। |
| 3:12 | अहां देखब जे दुन्नू स्थितिमे एकटा नव राइटर विंडो खुजैत अछि। |
| 3:17 | आब एडिटर एरियामे किछु टाइप करी। |
| 3:21 | अइ तरहें अहाँ टाइप करी "RESUME". |
| 3:24 | एवम प्रकारें डॉक्युमेंट लेखन भ' जाए, त' भविष्यहुमे उपयोग कर' लेल एकरा सेव क' ली। |
| 3:29 | अइ फाइलकें सेव कर' लेल, मेन्यू बारमे "File" पर क्लिक करी। |
| 3:33 | आ फेर "Save As" विकल्प पर क्लिक करी। |
| 3:36 | स्क्रीन पर एक डाइलॉग बॉक्स खुजत जतए अहांकें "Name" फील्डमे अपन फाइलक नाम भरए पड़त। |
| 3:44 | ओतए अहां फाइलक नाम "resume" भरी। |
| 3:48 | "Name" field क नीचांमे "Save in folder" अछि। |
| 3:53 | फील्डमे अहाँक सेव कएल फाइल होइत अछि, ओतए अहांकें फोल्डरक नाम टाइप करए पड़त। |
| 3:58 | "Save in folder" फील्डमे डाउन एरो पर क्लिक करी। |
| 4:02 | मेन्यूमे फ़ोल्डर सभक सूची देखाएत, जतए अहां फाइल सेव क' सकै छी। |
| 4:08 | आब अहां "Desktop" विकल्प पर क्लिक करी। अइसं फाइल डेस्कटॉप पर सेव भ' जाएत। |
| 4:14 | अहां "Browse for other folders" पर सेहो क्लिक क' सकै छी... |
| 4:18 | आ फोल्डर चुनि सकै छी, जाहिमे अहांकें अपन डॉक्युमेंट सेव करबाक अछि। |
| 4:23 | आब डाइलॉग बॉक्समे "File type" विकल्प पर क्लिक करी। |
| 4:27 | ई अहांकें फाइलक प्रकार अर्थात फाइलक टाइप के विकल्प वा फाइल एक्सटेंशन देखाओत जाहिमे अहां अपन फाइल सेव क' सकै छी। |
| 4:34 | लिबर ऑफिस राइटरमे डिफॉल्ट फाइल टाइप "ODF Text Document" अछि |

| | |
|---|---|
| | जे “dot odt” एक्सटेंशन देत। |
| 4:45 | ओपन डॉक्युमेंट फॉर्मेट या ODF फॉर्मेट मे ODT होइत अछि, जे वर्ड डॉक्युमेंट लेल वैश्विक स्तर पर स्वीकृत ओपन स्टैंडर्ड होइत अछि। |
| 4:56 | ई "ओपन स्टैंडर्ड इन ई-गवर्नेंस" लेल भारत सरकारक नीति द्वारा द्वारा सेहो स्वीकृत अछि। |
| 5:04 | लिबर ऑफिस राइटरमे खुजै वला dot odt टेक्स्ट डॉक्युमेंट्समे सेव करबाक अतिरिक्त … |
| 5:11 | अहां अपन फाइल dot doc आ dot docx फॉर्मेटमे सेहो सेव क' सकै छी जे एम.एस. ऑफिस वर्ड प्रोग्राममे ओपन कएल जा सकैत अछि। |
| 5:23 | एकटा आओरों लोकप्रिय फाइल एक्सटेंशन, जे अधिकतर प्रोग्राम सबमे खुजैत अछि, से थिक dot rtf, जे “Rich Text Format” थिक। |
| 5:33 | आब “ODF Text Document” विकल्प पर क्लिक करी। |
| 5:37 | फेर अहांकें “File type” विकल्पक आगां “ODF Text Document” आ कोष्ठकमे dot “odt” देखाएत। |
| 5:48 | आब “Save” बटन पर क्लिक करी। |
| 5:50 | ई अहांकें मनवांछित फाइलक नाम आ एक्सटेंशनक संग वापस राइटर विंडोमे टाइटल बार पर ल' जाएत। |
| 5:58 | आब अहां राइटर विंडोमे टेक्स्ट डॉक्युमेंट लिखबा लेल तैयार छी। |
| 6:03 | उपर्युक्त फॉर्मेटक अलावा राइटर डॉक्युमेंट अहां “dot html” नामक वेब पेज फॉर्मेट मे सेहो सेव क' सकै छी। |
| 6:13 | ईहो ओहिना होइत अछि जेना पूर्वमे कहल गेल अछि। |
| 6:17 | अइ लेल मेन्यू बारमे “File” विकल्प पर क्लिक करी आ फेर “Save As” विकल्प पर क्लिक करी। |
| 6:24 | आब पहिने “File Type” विकल्प पर, फेर HTML Document पर आ फेर कोष्ठकमे “Open Office dot org Writer” विकल्प पर क्लिक करी । |
| 6:35 | ई विकल्प डॉक्युमेंटकें “dot html” एक्सटेंशन दैत अछि। |
| 6:40 | आब “Save” बटन पर क्लिक करी। |
| 6:42 | आब डाइलॉग बॉक्समे “Ask when not saving in ODF format” विकल्पकें क्लिक करी। |
| 6:50 | आ अंतमे “Keep Current Format” विकल्प पर क्लिक करी। |
| 6:55 | अहां देखब जे डॉक्युमेंट dot html एक्सटेंशन संगे सेव भेल अछि। |
| 7:00 | स्टैंडर्ड टूल बारमे “Export Directly as PDF” पर क्लिक केलासं अहां डॉक्युमेंटकें PDF फॉर्मेटमे सेहो परिणत क' सकै छी। |
| 7:10 | पहिनहि जकां, अहां ओ स्थान निर्धारित करी जतए एकरा सेव करए चाहै छी। |

| | |
|---|---|
| 7:15 | ई मार्ग अहां मेन्यू बारमे “File” विकल्प आ फेर “Export as pdf” विकल्प पर क्लिक करैत सेहो अपना सकै छी। |
| 7:24 | डाइलॉग बॉक्समे अहांकें जे देखा रहल अछि तइमे “Export” पर क्लिक करी आ फेर “Save” बटन पर क्लिक करी। |
| 7:32 | ई केलासं एकटा pdf फाइल बनि जाएत। |
| 7:35 | आब “File” पर आ फेर “Close” पर क्लिक करैत अइ डॉक्युमेंटकें बंद करी। |
| 7:40 | आब हमरा लोकनि सीखब जे लिबर ऑफिस राइटरमे मौजूद कोनो डॉक्युमेंट कोना खोलब? |
| 7:47 | सबसं पहिने हमरा लोकनि “Resume.odt." डॉक्युमेंट खोली। |
| 7:51 | कोनो मौजूद डॉक्युमेंट खोलबा लेल, ऊपर मेन्यू बारमे “File” पर क्लिक करी आ फेर “Open” विकल्प पर क्लिक करी। |
| 8:00 | स्क्रीन पर अहांकें एकटा डाइलॉग बॉक्स देखाएत। |
| 8:04 | एतए अहां ओइ फोल्डरकें ताकी जैंमे अहां अपन डॉक्युमेंट सेव केने छी। |
| 8:08 | अइ लेल अहां डाइलॉग बॉक्सक ऊपरी भागमे बामा कोनमे छोट सन पेंसिल बटन पर क्लिक करी। |
| 8:14 | अइमे नाम अछि, “Type a file Name”. |
| 8:16 | ई “Location Bar” नामक एकटा फील्ड खोलत। |
| 8:19 | एतए अहां ओइ फाइलक नाम टाइप करी, जे अहांकें चाही। |
| 8:24 | तें हमरा लोकनि फाइलक नाम “resume” टाइप करी। |
| 8:27 | आब सूचीमे जे फाइलक नाम resume देखाइत अछि ओइमे “resume dot odt” चुनी। |
| 8:34 | आब “Open” बटन पर क्लिक करी। |
| 8:37 | अहां देखब जे resume.odt फाइल खुजैत अछि। |
| 8:41 | ऊपरी भाग'क टूल बारमे “Open” आइकन पर क्लिक करैत आ फेर आगूक प्रक्रिया बेराबेरी पूर करैत अहां मौजूद फाइल खोलि सकै छी। |
| 8:52 | माइक्रोसॉफ्ट वर्ड द्वारा प्रयुक्त “dot doc” आ “dot docx” एक्सटेंशन वला फाइल सेहो अहां राइटरमे खोलि सकै छी। |
| 9:03 | आगू अहां देखब जे फाइलमे परिवर्तन कोना करी आ कोना ओइ फाइलकें ओही नामसं सेव करी। |
| 9:10 | अइ लेल पहिने बामा कातक माउस बटन पर क्लिक करैत “RESUME” टेक्स्ट सलेक्ट करी आ फेर टेक्स्ट समेत घिसिया क' ओतए ल' जाइ। |
| 9:17 | ई टेक्स्टकें सलेक्ट करैत ओकरा हाइलाइट करत। आब बाम कातक माउस बटन छोड़ि दी। |
| 9:24 | टेक्स्ट एखनहुं धरि हाइलाइट रह'क चाही। |

| | |
|---|---|
| 9:26 | स्टैंडर्ड टूल बारमे “Bold” आइकन पर क्लिक करी। अइसं टेक्स्ट बोल्ड भ' जाएत। |
| 9:33 | टेक्स्टकें पृष्ठ'क मध्यमे अनबा लेल टूल बार'क “Centered” आइकन पर क्लिक करी। |
| 9:41 | अहां देखब जे टेक्स्ट पृष्ठ'क  मध्यमे आबि गेल अछि। |
| 9:45 | आब टेक्स्टक फॉन्ट साइज़ नमहर करी। |
| 9:48 | टूल बारमे “Font Size” फील्डमे डाउन एरो पर क्लिक करी। |
| 9:53 | ड्रॉपडाउन मेन्यूमे “14” पर क्लिक करी। |
| 9:57 | अइसं टेक्स्टक फॉन्ट साइज़ “14” भ' जाएत। |
| 10:01 | आब “Font Name” फील्डमे डाउन एरो पर क्लिक करी आ फेर “UnDotum” फॉन्ट सलेक्ट करी। |
| 10:09 | टूल बारमे “Save” आइकन पर क्लिक करी। |
| 10:13 | अहां देखब जे परिवर्तन'क बादहु फाइल ओही नामे सेव भेल अछि। |
| 10:21 | डॉक्युमेंट सेव केलाक बाद अहां ओकरा बंद करए चाहब, |
| 10:25 | अइ लेल मेन्यू बारमे “File” मेन्यू पर आ फेर “Close” विकल्प पर क्लिक करी। अइसं अहांक फाइल बंद भ' जाएत। |
| 10:33 | आब हमरा लोकनि लिबर ऑफिस राइटरक स्पोकन ट्यूटोरियलक अंतिम क्षणमे आबि गेल छी। तें संक्षेपमे देखी जे हमरा लोकनि की सिखलहुं। |
| 10:43 | राइटर आ ओकर विभिन्न टूलबारक परिचय बुझलहुं। |
| 10:45 | राइटरमे न'व अथवा पहिनहिसे विद्यमान डॉक्युमेंट कोना खोली आ डॉक्युमेंट कोना सेव करी। |
| 10:52 | डॉक्युमेंट कोना बंद करी। |
| 10:55 | आब पैघ दायित्व---राइटरमे न'व डॉक्युमेंट खोलू। |
| 11:01 | “practice.odt” नामसं ओकरा सेव करू। |
| 11:05 | ओइमे टाइप करू “This is my first assignment.” |
| 11:08 | फाइलकें सेव करू। टेक्स्टकें रेखांकित करू। फॉन्ट साइज़ बढ़ा क' 16 क' लिअ'। आ फाइल बंद क' लिअ'। |
| 11:18 | निम्नलिखित लिंक पर उपलब्ध विडियो देखू। एतए अहांकें स्पोकन ट्यूटोरियल प्रोजेक्टक सार-संक्षेप भेटत। |
| 11:24 | जौं अहांक बैंडविड्थ अनुकूल नइं अछि, त' डाउनलोड क' कए फाइल देखि सकै छी। |
| 11:29 | स्पोकन ट्यूटोरियल प्रोजेक्ट दल *ट्यूटोरियल द्वारा कार्यशाला आयोजित करैत अछि। * ऑनलाइन परीक्षा पास केनिहारकें सर्टिफिकेट दैत अछि। |

| | |
|---|---|
| 11:38 | अधिक जानकारी लेल कृपया contact@spoken- tutorial.org पर पता पर हमरा लोकनिसं संपर्क करी। |
| 11:45 | स्पोकन ट्यूटोरियल प्रोजेक्ट "टॉक-टू-अ टीचर" परियोजनाक अंगीभूत एकाइ थिक। |
| 11:48 | ई परियोजना आई. सी. टी. क माध्यमे एम.एच.आर.डी., भारत सरकारक राष्ट्रीय साक्षरता मिशन द्वारा समर्थित अछि। |
| 11:56 | अइ परियोजनाक मादे अधिक जानकारी spoken-tutorial.org/ NMEICT-intro पर उपलब्ध अछि |
| 12:07 | ई स्क्रिप्ट उज्ज्वल आलोक एवं प्रतिमा कुमारी द्वारा अनूदित आ आई.आई. टी. बॉम्बे द्वारा प्रस्तुत कएल गेल। आब हम, देवशंकर नवीन अपनेसं विदा लै छी, धन्यवाद। |